# bu kenn ci yéen dajee ak mbokkam na ko nuyu, bu dara doxee seen diggante ag garab walla miir walla aw doj mu dajewaat ak moom na ko nuyu batay

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «bu kenn ci yéen dajee ak mbokkam na ko nuyu, bu dara doxee seen diggante ag garab walla miir walla aw doj mu dajewaat ak moom na ko nuyu batay».

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day soññee ci nuyu mbokku jullitam saa yu dajee ak moom, ba bu ñu àndee di dox am lu leen teqale niki ag garab walla miir walla aw doj wu rëy, topp mu dajewaat ak moom ginnaaw ga na ko nuyu beneen yoon.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee